# СУЎРЕТЛЕЎ ӨНЕРИНДЕ КОМПОЗИЦИЯ НЫЗАМЛЫЛЫҚЛАРЫН ОҚЫТЫЎДЫҢ ДИДАКТИКАЛЫҚ ТИЙКАРЛАРЫ

**Н.Каипов** - *ассистент оқытыўшы*
*Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалык институты*

**Таянч сўзлар:** тасвирий санъат, композиция, композиция қонуниятлари, композиция турлари, композицион воситалар.
**Ключевые слова:** изобразительное искусство, композиция, закономерности композиции, виды композиции, композиционные элементы.
**Key words:** graphic arts, composition, regularities of composition, types of composition, composition facilities.

Мектепте оқыўшылардың ҳәр тәреплеме образлы ойлаўын, кәмилликке жетелеўши қәбилет ҳәм көнликпелерин қәлиплестириў ҳәм раўажландырыўда сүўретлеў өнери пәниниң әҳмийети оғада үлкен. Сүўретлеў өнерин оқытыўда әҳмийетли методикалық ҳәм педагогикалық мәселелердиң бири – тәлим мазмуны тийкарын модернизациялаў, сүўретлеў өнериниң тийкарын қурайтуғын нызамлылықларын оқытыў, усы нызамлылықлар негизинде оқыўшылардың сүўретлеў көнликпелерин қәлиплестириў болып табылады. Сүўретлеў өнери нызамлылықларын оқытыў көркемлик билим бериўдиң мазмунын қурайды. Бул мазмунға перспектива, жақтылық пенен көлеңке, реңтаныў ҳәм композиция нызамлылықларын оқытыў киреди. Бирақ, усы нызамлылықлардың мазмуны усы күнге шекем толық үйренилмей, белгили бир системаға келтирилмей, ҳәр қайсысының қысқаша мазмунлары ҳәр түрли әдебиятлардағы, ҳәр түрли мәселелерге байланыслы орынларында ғана қолланылып киятыр. Сүўретлеў өнериниң нызамлылықлары ҳаққында билим сүўрет салыўшы адамға сүўретлеў ис-ҳәрекетиниң сапасын арттырыўға жәрдемлеседи. Сүўретлеў өнери нызамлылықларын билген адам менен сүўретлеў өнери нызамлылықларын (перспектива, жақтылықтаныў, реңтаныў, композиция) билмейтуғын адамның салған сүўретлериниң бирдей сапада болмайтуғынлығын тәжирийбе жумыслары көрсетпекте.

Соның менен бирге бүгинги күнде сүўретлеў өнериниң нызамлылықларын оқытыў зәрүрлиги менен оны оқытыўдың мазмунының формаларының усылларының болмаўы нәтийжесинде қарама-қарсылық пайда болмақта. Бул мәселени шешиў искусстволық билим бериў саласында жаңа изленислердиң зәрүрлигин талап етеди. Аталған мәселелерди шешиў мынандай ўазыйпаларды орынлаўды талап етеди: көркем өнер нызамлылықларының анықламаларын анықлаў; олардың атамаларына түсиниклер бериў; өнер нызамлылықларын қурайтуғын оқыў материалларының мәнисин анықлаў ҳәм оқыў қуралын таярлаў, оқытыў методикасын таярлаў ҳәм т.б. бағдарларды қамтыйды.

Көркемлик билим бериўдиң бир бағдары композиция нызамлылықларын сүўретлеў өнери сабақларында оқытыў болып табылады. Композициялық сүўрет салыў – дөретиўшилик искерликке жатады. Дөретиўшилик жумыс, билим менен ойдың искерлигин талап етеди.

Мектептеги сүўретлеў өнери пәни, мектептеги басқа пәнлер сыяқлы теориялық билимлерди оқыўшыларға меңгертиў менен сүўретлеўдиң қарапайым көнликпелерин, билимлерин қәлиплестириўди талап етеди. Оқыўшыны өнер тийкарлары менен таныстырыўды гөзлейди. Сүўретлеў өнериниң де басқа пәнлер сыяқлы теориялық тийкарын қурайтуғын нызамлылықлары, сүўретлеў қағыйдалары, категориялары, түсиниклери бар. Сүўретлеў өнериниң теориялық тийкарын қурайтуғын нызамлылықларының бири – композиция нызамлылығы.

Композиция түсиниги көркем өнердиң барлық түрлерине қатнаслы қолланылатуғын сүўретлеў мүмкинлиги ретинде танылады ҳәм көркем өнердиң живопись, графика, мүсиншилик, қол өнери, дизайн, көркем әдебият, музыка сыяқлы түрлериниң барлығы менен байланысы бар түсиник. Усы көркем өнердиң ҳәр бир түринде өзине тән өзгешеликлери, нызамлылықлары менен қолланылады [3:5-11]. Бирақ композиция түсинигин оқытыўға ҳәзирге дейин жеткиликли дәрежеде итибар берилмей, оқыў машқаласы ретинде көрилмей келмекте. Композиция жоқары оқыў орынларында арнаўлы оқыў пәни ретинде берилгени менен оны оқытыўдың жеке мәселелери еле де жеткиликли дәрежеде изертленген жоқ.

Композиция – латын тилиндеги «Compositio» деген сөзден алынып, «ойлап табыў», «қурастырыў» деген мәнилерди билдиреди [4; 5]. Композицияны живопись, мүсиншилик, графикаға қатнаслы айтатуғын болсақ, картинадағы айтайын деген ойды жеткизиў ушын, жаңа ойды билдиретуғын көринисти айрықшалап алып көрсете билиў, көринистеги айтатуғын ойды ашыў ушын, қосымша сүўретлер бериледи, ўақыт пенен кеңислик көринислери жақтылық пенен көлеңке арқалы бериледи.

Усылардың барлығы пүтинлигинше тәсир еткенде ғана сүўретшиниң ойы жарыққа шығады. Егер шығармадағы көринислер менен усы аталған мүмкиншиликлердиң биреўи кемис болса, онда картинадағы сәўлеленген идея толық ашылмайды. Композицияны оқыў малериаллары сыпатында қолланыў ушын искусстволық әдебиятларды таллаў негизинде композицияны сүўретлеў имканиятларына қарай төмендегидей топарларға ажыратыўға болатуғынлығы анықланған: живопись композициясы, графика композициясы, мүсиншилик композициясы, қол өнери буйымларының композициясы деп қараўға болады. Композицияны жанрларға байланыслы мынадай түрде бөлиўге болады: олар, натюрморт композициясы, пейзаж композициясы, портрет композициясы, турмыслық жанр композициясы, тарийхый жанр композициясы ҳәм т.б. түрлерине бөлинип үйрениледи.

Композиция түсинигин оқыў материалы сыпатында қолланыў ушын композиция нызамлылықларын мынадай төрт топарға бөледи: 1. Тутаслылық (пүтинлик) нызамы; 2. Үлги (типизация) нызамлылықлары; 3. Қарама-қарсылық (контраст) нызамлылығы; 4. Композицияның барлық нызамлылықлары менен имканиятларының бир идеялық ойға (мақсетке) бағыныў нызамлылығы.

Композицияның пүтинлик нызамының сақланыўының нәтийжесинде көркем өнер шығармаларындағы көринислер бир пүтин қабылланады. Пүтинлик нызамының мазмуны композицияның тутаслығын көрсетеди. Композициядағы идеялық ой бир неше өмир көринислеринен куралады. Усы бир неше көринислер сүўретлеўшилик, логикалық байланыслар арқалы берилген жағдайда идеялық ой пүтинлей қабылланады. Бул көринислер бир-бири менен байланыспаса идеялық ой толық ҳалда көриўшиге жетип бармайды.

Үлги нызамлылығы сүўретлеў өнери шығармаларындағы жағдай менен минез үлгилериниң композициядағы ис-ҳәрекет, қозғалыс көринислери, қозғалыссыз турақлылық көринислериниң көрсетилиўин характерлейди.

Қарама-қарсылық нызамлылығы рең қарама-қарсылығын, объект көринисиниң айырмашылығын, сүўретленетуғын адамлардың психологиялық жағдайының сүўретлеўин үйренеди.

Композицияның барлық нызамлылықлары менен сүўретлеў имканиятларының тийкарғы идеялық ойға бағыныўы – сүўретши туўындысындағы түсиниктиң пүтинлигин, шығарманың анықлығын, идеялық мазмунлылығын, ондағы көркемлик шеберликти шөлкемлестиреди.

Композицияның мазмунын ашатуғын қураллар төртке бөлинеди: олар, ырғақ, композицияның сюжетлик орайы, симметрия ҳәм ассиметрия, тийкарғы тулғаның екинши орынға жайласыўы.

Ырғақ – композициядағы сүўреттиң гезеклесип жайласыўы, олардың белгили тәртип пенен қайталаныўы, соның менен қатар ондағы сүўретленген адамлар менен жәниўарлар көринисиндеги, қыймыл қозғалысындағы қайталаныўлардың ҳәм олардың динамикалық өзгешеликлери болып табылады.

Сюжетлик орай нызамлылығы – өзине айрықша дыққат аўдаратуғын, композициялық идеялық мазмунды ашатуғын картинаның тийкарғы бөлеги. Сюжетлик аралықта идеялық ойды билдиретуғын образ көриниси ямаса зат, тәбият көриниси берилиўи мүмкин. Композициялық ойды ашатуғын тийкарғы көринислер менен бир қатарда картинада жәрдемши элементлер де болады. Олар идеялық ойды толықтырыў хызметин атқарады.

Симметрия нызамлылығы. Симметрия атамасы композицияның оң ҳәм шеп тәреп бөлегиниң салмағының, көринисиниң, реңиниң теппе-теңлигин, ондағы элементлердиң өз ара үйлесимлилигин тәмийнлейди. Симметрия ойыў-безеў сүўретлеўде жийи қолланылады. Картиналарда симметриялық бөлиниў анық байқалмаса да, көринислердиң өлшемлери, саны, бояў түрлериниң теңдей бөлиниўине шәраят жаратады. Өлшем үлкенлигин түр өлшемлериниң анықлығы ҳәм т.б. имканиятлары арқалы теппе-теңликке жақынлатылады. Композициядағы сүўретлеўдиң ассиметриялық жайласыўы мүсинди салмағы, көриниси, реңи жағынан тең еки бөлекке бөлип қойғандай тәсир қалдырмайды, ондағы сүўретлер бир-бири менен араласып, теппе-теңлик жағынан аўытқыйды, бирақ шығармадағы улыўмалық теппе-теңлик композициялық ырғақтың үйлесимли берилиўи нәтийжесинде сақланады.

Тийкарғы тулғаны екинши орынға орналастырыў нызамлылығы. Композицияны түсиниўдеги психологиялық ҳалаттың пайда болыўына себеп болатуғын айқын орталық бола алғанда ғана, ондағы тийкарғы тулғаны екинши орынға алмастырыўға болады. Картинадағы сүўретленген кеңислик шәртли түрде үш-төрт көринислерге бөлинеди. Алдыңғы көринис – көриўшиге жақын турған затлардың ямаса адамлардың сүўретлери. Ортаңғы көринис – бул жақын турған көринислерден ҳәм картинаның негизги ойын билдиретуғын көринислер. Бул көринислерди гейде композициялық орталық (орай) деп те атайды. Бул көринистиң арғы жағындағы көринислер – узақтағы көринислерге жатады. Картинадағы тийкарғы тулға ортаңғы көринисте орналасады. Картинадағы жәрдемши ойды билдиретуғын композициялық элементлер көбинесе соңғы көринислерге бериледи.

Композицияны оқытыў еки бөлим бойынша әмелге асырылады. Биринши бөлимде оқыўшыларға композицияның «пүтинлик нызамы», «үлги нызамлылығы», «қарама-қарсылық нызамлылығы», «композициялық идея», «композиция имканиятлары», «ырғақ (ритм)», «композициялық сюжет», «симметрия ҳәм ассиметрия», «тийкарғы тулға», «композициядағы алдыңғы көринис», «композициядағы узақтағы көринислер», «композиция элементлери», «композиция қурылысы», «реңлердиң композициясы» ҳәм т.б. түсиниклер бериледи. Олар көркем түрде картиналарды таллаў барысында түсиндириледи.

Композиция ҳаққында түсиниклер бериў сүўретлеў өнери пәниниң темалық сүўрет салыў сабағында дәслеп жеке сабақ ретинде өткерилип, соңынан түсиниклер бериў, нусқаға қарап сүўрет салыў, сүўретлеў өнери туўралы түсиндириў арқалы сабақларда жалғастырылып барылады. Себеби, композиция нызамлылықлары менен оны сүўретлеў қағыйдалары, олар туўралы билимлер системасы оқыўшының нусқадан қарап сүўрет салыў, сәнлик сүўрет салыў, көркем өнер дөретпеси ҳаққында таллаў жасаўда зәрүр болатуғын ис-ҳәрекетлер болып табылады.

Композицияны оқытыўдың екинши бөлими – оқыўшыларды композиция қурастырыўға үйретиў. Композиция қурастырыўға үйретиў оқыўшыларға әпиўайы геометриялық формаларды кеңисликте орналасыў көринислерин шәртли түрде сүўретлеўден басланып, бағдарланған шынығыўлар жасаў менен әпиўайы темаға композиция жасаў ис-ҳәрекетлерин үйретиў менен жуўмақланады.

Оқыўшыларды композиция қурастырыўға үйретиў шынығыўлары төмендегидей бағдарлама менен әмелге асырылады:

1. Төрт мүйешлерди, үш мүйешлерди, дүзиўдиң, шеңбердиң бойына бирдей қашықлықта, бирдей өлшемлер менен орналастырыў шынығыўлары;

2. Композициялық орайға үлкен шеңбер ямаса төрт мүйеш салып, оның жийегине, (айналасына) үш мүйешлар ямаса төрт мүйешлерди сүўретлеў шынығыўларын жасаттырыў;

3. Симметрия темасына геометриялық денелерди картина жазықлығының бетине (қағаз бетине) оң тәрепи мен шеп тәрепин теппе-тең етип орналастырыў шынығыўларын жасаўға үйретиў;

4. Геометриялық денелерди жазықлық бетине қатал симметрия нызамы менен емес, ассиметрия нызамын сақлап орналастырыў шынығыўларын ислеў:

5. Геометриялық формаларды жазықлық бетине кеңисликтеги көриўшиге жақынын (көлемин үлкен етип), көриўшиден алысын (киши етип) сүўретлеў шынығыўларын орынлаў;

6. Реңлердиң ырғағы (ритми) бойынша алынған композициялар ислеў, натюрморт, пейзаж темаларына композиция ислеў шынығыўлары.

Усынылып отырған бағларлама бойынша дәслепки пайытта турмыс шынлығынан алынған көринислер бойынша бирден сапалы композиция жасаў қыйыншылық туўдырады. Сонлықтан, композицияның нызамлылықларын үйретиўге арналған шынығыўлар геометриялық формаларды қурастырыў арқалы жасалса нәтийжели болатуғынлығы тәжирийбеде анықланды.

Жуўмақластырып айтқанда, композицияны оқытыўды бир неше шынығыўлар ислеў менен сүўретшилердиң шығармаларын таныстырыў нәтийжесинде алынатуғын оқыў дәстүри деп емес, ал системалы, избе-излилик пенен, илимий көзқарастан тийкарланған оқытыў технологиясы нәтийжесинде үйренилетуғын композиция нызамлылықлары ҳаққында билимлер менен композициялық сүўретлеў көнликпелеринен қуралатуғын, оқытыўшының таярлығын талапететуғын ис-ҳәрекетлер системасы сыпатында қараў лазым.

**Әдебиятлар**


1. Кузин В.С. Основы обучения изобразительному искусству в общеобразовательной школе. -М.: «Просвещение», 1979.

2. Сафарова Р.Ғ., Иноятова М.Э. ва бошқалар. Истиқболдаги таълим мазмунини модернизациялашнинг дидактик асослари. –Тошкент: «Фан», 2009, 240-б.

3. Успенский Б.А. Поэтика композиции. Структура художественного текста и типология композиционной формы. -М.: «Искусство», 1970. -С. 226.

4. Шорохов В.Е. Основы композиции. -М.: «Просвещение», 1979. -С. 303.

**РЕЗЮМЕ**

Мақолада тасвирий санъат фанини ўқитишда композиция қонуниятларининг аҳамияти ва дидактик асослари ҳақида сўз боради. Унда композициянинг хусусиятлари қисқача баён қилиниб, уни таълим жараёнида қўллаш бўйича тавсиялар берилган. Шунингдек, тасвирий санъат таълимини самарали ўқитишда композиция қонуниятларининг алоҳида аҳамиятига урғу берилади.

**РЕЗЮМЕ**

В статье даются сведения о значении и основных закономерностях композиции при обучении предмета «Изобразительное искусство». В работе описываются особенности композиции, и предлагается их использование на занятиях по изобразительному искусству. Также, говорится о видах и закономерностях композиции и их применении для эффективного обучения изобразительному искусству.

**SUMMARY**

The article deals with the information about the importance and basic regularities of the composition in teaching the subject «Graphic arts». The author of the work describes the peculiarities of the composition, and offers to use them at the lessons in Graphic arts. He also studies the types and regularities of the composition and their use for the efficient teaching of Graphic arts.

**УДК: 378.14(075.5)**

## ИННОВАЦИОН ТАЪЛИМ МУХИТИ ШАРОИТИДА БЎЛАЖАК ФИЗИКА ЎҚИТУВЧИЛАРИНИНГ МЕТОДИКАГА ОИД КОМПЕТЕНТЛИГИНИНГ СТРУКТУРАВИЙ-ФУНКЦИОНАЛ МОДЕЛИ

**Г.Е.Карлыбаева** - *педагогика фанлари номзоди, доцент*

*Ажинийз номидаги Нукус давлат педагогика институти*

**Таянч сўзлар:** бўлажак физика ўқитувчилари, компетентлик, инновация, методик тайёргарлик, структура, таълим-тарбия жараёни, ахборот технологиялари.

**Ключевые слова:** будущие учителя физики, компетентность, инновация, методическая подготовка, структура, образовательно-воспитательный процесс, информационные технологии.

**Key word:** future teachers in Physics, competence, innovation, methodical training, structure, educational process, information technologies.

Физика ўқитувчисининг методикага оид компетентлиги касбий компетентлигининг асосий компоненти сифатида ажралиб тўради. У ўқувчиларда ўқиш методларини, воситаларини, педагогик таьсир кўрсатиш шакллари ва методларини, билими, малакаси, маҳорати ва муомаласини шакллантириш методларини танлаш билан боғлик бўлиб, назарий характерга эга.

Методик компетентлилик – бу унинг физикани ўқитиш мақсадини амалга ошириш жараёнида методик масалаларни эффектив равишда ечишга тайёрлиги ва маҳоратини аниқловчи, ўқувчиларнинг физикавий коммуникатив компетентлилигини шакллантириш, таълим - тарбияси ва ривожланиши билан боғлик бўлган физика ўқитувчисининг шахсий интегратив хусусияти [1:120].

Компетентликнинг методик структурасида қуйидаги тизимли компенентларни белгилаймиз: баҳоли – мотивацион (методик ишга қизиқиш, методик фаолиятига мақсад қуйиш ва англаш, мақсадга эришиш мотивининг мавжудлиги), когнитив (методик билимларнинг, куникмаларнинг, маҳоратининг мавжудлиги, уларни янги шароитларда қўллаш, методик муаммоларни ечишни билиш, методика доирасида илғор тажрибаларни ўзлаштириш), технологик - рефлексиф (методик рефлексия, ўз-ўзини танқид қилиш, ўз-ўзини назорат қилиш, ўз-ўзини баҳолаш), баҳо берувчи [4:20].

Методик компетентлик структурасида компетенциянинг ҳаққоний иккита тури ажралиб туради. Умумий методик компетенциялар куйидаги компетенцияларнинг мажмуини ифодалайди:

- методик тайёргарликни ўз-ўзидан лойиҳалаштиришга шахсий қизиқишни акс эттирувчи – мотивацион;
- ўз методик махоратини кучайтирувчи қобилиятини тавсифловчи –когнитив;
- замонавий – назарий методологик даражадаги методик тайёргарликни ўз-ўзидан лойиҳалаштириш жараёнида ахборотни қабул қилиш, ишлаш ва қуллаш маҳорати ва қобилияти мавжудлигини акс эттирувчи – информацион;
- мақсадга мувофиқ педагогик ўзаро муносабатларни лойиҳалаштириш ва ўрнатиш қобилиятининг мавжудлигини акс эттирувчи –коммуникативли;
- ўзининг методик ривожланишининг ижтимоий аҳамиятини англашни тавсифловчи – ижтимоий;

Махсус методик компетенциялар ўқитиш предмети билан ўзаро боғлиқ:

- мақсадли – педагогнинг ўқитиш мақсадини аниқлаш қобилиятини кўзлаш;
- мазмунли – ўқитиш мазмунини аниқлашни билиш;
- лойиҳалаштирувчи – таълим жараёнини лойиҳалашни билиш;
- рефлексив – танланган методларнинг самарадорлигини асосламоқни билиш;
- мониторинг – ўқитиш натижаларини кузатишни билиш.

Методик компетентлилик структураси унинг бир даражадан бошқасига харакатидаги шаклланиш жараёнини кўзлайди. Кўпгина тадқиқотчилар фикри бўйича методик компетентликни шакллантиришнинг қуйидаги даражалари мавжуд: адаптив (мослашув), репродуктив, прагматик, интегратив [1,4,5,6].

***Адаптив (мослашув)*** даража ўқувчиларнинг контингентини ва келиб чиқадиган қийинчиликларни ҳисобга олган ҳолда методик масалаларни ечишга методик билим ва қобилиятини йўналтирилиши билан тавсифланади.

Методик компетентлиликнинг ***репродуктив даражаси*** ўқитувчиларда методик фаолияти тўғрисидаги мақсадли тасаввурларини шакллантирилганлигига методик таъмийнлашга ва ўқув жараёнини кузатишга, ўқув фанини ўқитиш методикаси ҳақидаги билимининг мавжудлиги тўғрисида гувоҳлик беради.

***Прагматик/моделлаштирувчи даража*** методик фаолиятнинг йўллари ва усулларини катта мақсадга йўналтирилиш, барқарорлик ва англаш билан тавсифланади. Методик фикрлаш (режалаштиришни билиш, мақсадни аниқлаш, фаолиятнинг оптимал восита ва усулларини танлаш, олинган натижаларни ташхислаш) шакллантиришнинг юқори даражасида жойлашади. Методик ижодининг юқори даражаси компетентлик ёндашишни амалга оширувчи фаол ўқитиш усулларини, замонавий таълим технологияларини жорий қилишга йўл қуяди. Ўзининг бевосита фаолияти изланиш билан, ўз тажрибасини бошқаларга беришга тайёрлиги билан ажралиб туради. Методик рефлекция даражаси ўзининг фаолиятини адекват